QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI
VAZIRLIGI

230100, Nukus shahri, Dosnazarov koʻchasi, 62-uy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW
MINISTRLIGI

230100, Nókis qalasi, Dosnazarov kóshesi 62-úy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

«06» Декабрь 2021-у. №03-02/1-5344 «____»-__________ 2021-j.

**Нөкис қалалық, Шымбай районлық, Хожели районлық халық билимлендириў бөлими баслықларына**

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 17-ноябрьдеги ПҚ-3392-санлы қарарына муўапық, Өзбекстан Республикасы Миллий гвардиясына бекитилген улыўма орта билим бериў мектеплериниң әскерий-ўатансүйиўшилик бағдарындағы қәнигелестирилген класларының билимлендириў процесине көмеклесиў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасы бойынша Миллий гвардия басқармасына Нөкис қаласындағы 44-санлы, Шымбай районындағы 36-санлы, Хожели районындағы 15-санлы ҳәм Төрткул районындағы 18-санлы мектеплер бириктирилген.

Жоқарыда көрсетилген мектеплердиң әскерий-ўатансүйиўшилик бағдарына қәнигелестирилген 7-,8-,9-,10-класлары бар болып, ҳәр бир класта 30 оқыўшы билим алыўы белгиленген. Мектеплердиң 9-,10-класс оқыўшылары арасынан Темурбеклер мектеби ҳәм Академиялық лицейлерге оқыўға кирип, усы класларда оқыўшылар саны кемейгенлиги ушыраспақта. Атап айтқанда, Нөкис қаласындағы 44-санлы мектептиң 10-класында 21, Шымбай районындағы 36-санлы мектептиң 9-класында 21, 10-класында 8, Хожели районындағы 15-санлы мектептиң 10-класында 18 оқыўшыны қурайды.

Жоқарыдағыларды есапқа алып, Сизден Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2020-жыл 17-апрельдеги "Улыўма орта билим бериў ҳәм қәнигелестирилген мектеплерде әскерий-ўатансүйиўшилик бағдарына қәнигелестирилген класлар шөлкемлестириў ис-илажлары ҳаққында"ғы 237-санлы қарарына тийкарланып тийисли мектеплердиң әскерий-ўатансүйиўшилик бағдарына қәнигелестирилген класларын белгиленген тәртипте толтырыўыңызды сораймaн.

**Министр орынбасары** **Ш.Таджимуратов**

*Орынлаўшы: М.Асеметдинов*
*Тел: 8 (361) 222-16-51*

Xalq ta'limi tizimiga oid barcha yangiliklardan quyidagi havolalar orqali xabardor boʻlishingiz mumkin

www.uzedu.uz t.me/uzedu facebook.com/uzedu instagram.com/uzedu.uz